



Pou Piblikasyon Imedya: 08/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLASYON POU ELIMINE APÈL WOBO YO

***Lejislasyon (S.6267a/A.268a) egzije konpayi telekominikasyon yo pou bloke apèl wobo ki soti nan kèk nimewo***

***Lejislasyon (S.4281a/A.585a) egzije founisè sèvis vokal yo pou aplike estrikti otantifikasyon apèl STIR/SHAKEN pou valide nimewo apèl yo***

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon pake lejislasyon ki pral baze sou aksyon federal pou konbat apèl wobo yo. Lejislasyon S.6267a/A.268a egzije konpayi telekominikasyon yo pou bloke apèl wobo yo ki soti nan kèk nimewo pou anpeche apèl wobo endezire atravè founisè siplemantè. Lejislasyon S.4281a/A.585a egzije founisè sèvis vokal yo pou aplike estrikti otantifikasyon apèl STIR/SHAKEN pou valide yon apèl ki aktyèlman soti nan nimewo ki afiche a.

"Nouyòkè yo bouke ak apèl wobo annwiyan, predatè yo, epi n ap pran mezi pou sispann yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lejislasyon sa a pral pèmèt konpayi telekominikasyon yo anpeche apèl sa yo an premye lye, ansanm ak bay gouvènman eta nou an kapasite pou asire founisè sèvis vokal yo ap valide kiyès k ap fè apèl sa yo pou ka gen aksyon ranfòsman ki pran kont move aktè yo".

Lejislasyon A.6267a/A.268a kodifye nan lwa eta dispozisyon yon règ ke FCC libere an 2017, ki te antre anvigè nan jen 2021, ki pèmèt konpayi telekominikasyon yo bloke pwoaktivman apèl ki soti nan kèk nimewo. Sa yo ap gen ladan apèl ki plis gen chans pou ilegal, piske yo soti nan nimewo ki pa fè oswa pa kapab fè apèl sòtan. Kalite nimewo sa yo se revelatè chema "fwod" kote idantite vrè moun k ap rele a maske dèyè yon nimewo ki fo, envalid.

**Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare**, "Apèl wobo yo deranjan, anvayisan ak sèvi okenn avantaj pou fanmi ak kominote yo. Bloke apèl endezire (spam) ak wobo yo kapab pwoteje popilasyon vilnerab yo kont pratik predatè yo, an patikilye moun aje nou yo ke anakè yo te sible pandan pandemi an. Sispann otan apèl ilegal posib ap ede Nouyòkè yo santi yo an sekirite lè y ap itilize telefòn yo. Mwen fyè pou m esponsòriz lejislasyon sa a ki bloke majorite apèl wobo yo ak dèske li enkli nan pake pwojè lwa Gouvènè a ki konsewa pou mete fen nan apèl telefòn endezirab (spam) yo".

Lejislasyon S.4281a/A.585a egzije founisè sèvis vokal yo pou aplike estrikti otantifikasyon apèl STIR/SHAKEN lan. Nan mas 2020, FCC, dapre Lwa federal TRACED la, te pibliye yon règ ki egzije founisè yo aplike STIR/SHAKEN rive jen 2021. Pwojè lwa sa a founi plis ranfòsman nan eta a pou move aktè yo epi pral pèmèt eta a asire aplikasyon STIR/SHAKEN jan FCC egzije sa. Pwotokòl otantifikasyon STIR/SHAKEN lan itilize kriptografi pou valide yon apèl soti toutbon nan nimewo ki afiche a, ki anpeche move aktè yo ilegalman "falsifye" nimewo telefòn yo. STIR/SHAKEN rann li pi fasil pou retrase apèl ilegal yo nan sous yo, piske chak apèl ap gen yon idantifikasyon ki asiye ak li. Yon fwa sous la idantifye, aksyon ranfòsman yo kapab pran kont agresè yo.

**Manm Asanble Eta, Amy Paulin, te deklare,** "Pwojè lwa sa yo se yon gwo etap pou mete fen nan fleyo apèl wobo yo ki aktyèl epi ap ogmante. An menm tan, yo pral ede pwoteje konsomatè yo kont chema fwod ak apèl wobo ki koute. Apèl wobo yo se yon nwizans chak jou, okenn moun pa vle reponn telefòn ankò. Nou pa menm ka fè konfyans nan apèl nimewo lokal yo. Nan egzije founisè yo pou itilize teknoloji ki anpeche nimewo falsifye ak pwoaktivman bloke apèl ki klèman ilegal yo, pwojè lwa sa yo se yon etap enpòtan pou mete fen nan nwizans sa a. Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a ak dèske li fè mete fen nan asèlman nan telefòn tounen yon priyorite".

###

Lèt nou vèl ki disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418